

# ULENGANE KATRESNAN SAJRONE NOVEL POLITIK TRESNA ANGGITANE TULUS S. (TINGINGAN DHEKONSTRUKSI)

**Annita Rachmalia Mustikaningrum**

Jurusan S1 Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[annitamustikaningrum@mhs.unesa.ac.id](mailto:annitamustikaningrum@mhs.unesa.ac.id)

**Drs. H. Bambang Purnomo, M.S.**

Dosen Jurusan S1 Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

## Abstrak

Novel Politik Tresna mujudake salah sawijine novel kang nyritakake ngenani katresnane rumaja. Paraga kang nggambarake katresnan sajrone novel iki yaiku Agung, Ardini, Angga, lan Arifin. Katresnan iki kagambarake dening para paraga lumantar saperangan cara. Ana kang diwujudake kanthi cara menehi kawigaten lumantar bandha kang diduweni, lumantar kawigaten kayata kerep menehi kabar, sarta lumantar kawicaksanane. Saka wujud tresna kasebut ngemu makna-makna kang sumurat lan sinirat. Anane makna kang sinirat iki nuwuhake saperangan oposisi sajrone novel Politik Tresna. Kanthi migunakake pamarekan dhekonstruksi, oposisi-oposisi kang ana ing novel kasebut bisa kajlentrehake kanthi cetha saengga bisa kadudut pamikiran lan pamawas anyar.

Underan panliten kanthi pamarekan dhekonstruksi sajrone novel Politik Tresna iki bakal ngrembug babagan: 1) Gegambarane katresnan sajrone novel Politik Tresna' 2) Ulangane katresnan kang tuwuh sajrone novel Politik Tresna, lan 3) Wawasan dhekonstruksi tumrap novel Politik Tresna. Ancas saka panliten iki, yaiku 1) Nggambarake wujud katresnan kang ana ing novel Politik Tresna, 2) Ngandharake konflik kang ana ing novel Politik Tresna, lan 3) Njlentrehake wawasan dhekonstruksi tumrap novel Politik Tresna. Saliyane dhekonstruksi, panliten iki uga disengkuyung dene pamarekan struktural. Struktur iki mujudake perangan kang wigati jalaran anane sesambungan antarane struktur siji lan liyane bisa nuwuhake makna sajrone crita. Pamarekan dhekonstruksi kang digunakake tumrap panliten iki katindakake kanthi cara menehi kawigaten tumrap bab-bab kang kapinggirake utawa dilirwakake dening pangripta, yaiku ngenani katresnane Angga marang Ardini. Saka cara kasebut nuduhake yen ana makna liya kang sinirat ngenani katresnan kang didarbeni paraga Angga.

Panliten iki kalebu jinise panliten dheskriptif kualitatif. Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku novel Politik Tresna anggitané Tulus S. Dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku awujud tembung lan ukara. Asil saka panliten iki bakal nuduhake wujud tresna kang sejati sajrone novel Politik Tresna. Tresna kang katon endah pranyata nduweni makna kang sinirat. Para paraga kang ndarbeni rasa tresna ora mung nggambarake tresna kang endah lan kebak kawigaten, nanging uga katresnan kang ala lan lecekan. Ulangane katresnan kang dialami para paraga iki bisa nuduhake wewatakane paraga kang sanyatane.

**Tembung wigati: Ulangan, Katresnan, Dhekonstruksi.**

## PURWAKA

Sastra yaiku salah sawijine asil saka kabudayan kang ana ing bebrayan tartamtu. Robson (sajrone Purnomo, 2014:22) ngandharake yen sastra nduweni sipat tradhisional, dadi darbeke bebrayan tartamtu lan dibacutake saka generasi siji marang generasi sabanjure. Salah sawijine sastra kang isih urip ing bebrayan kayata sastra Jawa. Sastra Jawa kalebu sawijining asil saka kabudayan kang urip ing bebrayan Jawa. Sastra Jawa iki isih tetep ngrembaka laras karo pangrembakane jaman. Sajrone kasusastran Jawa, sastra Jawa diperang dadi patang klompok adhedhasar periodhesasine,

yaiku sastra Jawa Kuna, sastra Jawa Pertengahan, sastra Jawa Anyar, lan sastra Jawa Modern (Suwarni, 2016:1). Lumantar pangrembakane jaman iki bisa mangaribawani budaya kang urip ing bebrayan, saengga sastra kang diripta uga antuk pangaribawan. Sanajan ngalami owah-owahan, nanging ora uwal saka aturan-aturan kang gumathok. Kanthi mangkono, sastra Jawa isih bisa ditampa ing bebrayan Jawa laras karo lakune jaman.

Ing jaman modern iki, maneka warna wujud sastra Jawa kang diripta dening para pangripta. Miturut pamawase Sumardjo lan Saini

(1986:29), sastra Jawa Modern diperang dadi rong jinis yaiku geguritan lan prosa. Sastra Jawa Modern kang awujud prosa kayata cerkak (crita cekak), cerbung (crita sambung), lan novel. Sastra Jawa Modern awujud novel kanthi irah-irahan *Serat Riyanto* anggitané R.M Soelardi taun 1920 kang dipacak dening Balai Pustaka minangka bakal laire sastra Jawa Modern (Hutomo sajroné Darni, 2015:4). Sabanjuré, sastra Jawa Modern saya ngrembaka mligine kang awujud novel, kayata novel *Sarwanta*, *Tumukang Lelampahipun Tiyang Sepuh* (1927) lan novel *Ngulandra* (1936) anggitané Margana Djajaatmaja kang dianggep minangka novel paling kondhang.

Novel kalebu crita rekaan kang nggambarake kahanan ing bebrayan. Saperangan kedadeyan ing bebrayan bisa diwujudake minangka crita sajroné novel. Pambada antarane novel lan karya sastra liya kayata cerkak bisa dideleng saka dawane crita. Yen novel nduweni crita sing luwih dawa tinimbang cerkak, mula konflik kang dijlentrehake sajroné novel luwih rinci tinimbang konflik kang ana ing cerkak. Andaran kuwi laras karo pamawase Nurgiyantoro (2010:11) yen novel bisa ngandharake perkara kanthi luwih bebas lan bisa njlentrehake perkara luwih akeh, rinci, sarta bisa nggayutake perkara siji lan liyane saengga bisa dadi perkara kang kompleks utawa wutuh.

Konflik sajroné novel akeh kang tuwuh saka kedadeyan ing sakupenge pangripta utawa saka kedadeyan kang lagi dadi pirembungan ing satengahe bebrayan. Salah sawijine konflik kang kerep dirembug dening pangripta yaiku konflik ngenani katresnan. Bab katresnan iki pandhapuke ora ajeg dadi punjere crita sajroné novel. Ana kang ndadekake katresnan minangka bab kang onjo uga ana kang ndadekake minangka panyengkuyunge crita. Bab ngenani katresnan nduweni kalungguhan kang wigati, utamane kanggo nglancaraké crita kang diandharake (Nurgiyantoro, 2010:20).

Saliyane kuwi, katresnan kalebu bab kang didhemeni dening saperangan pamaca mula katresnan sajroné novel bisa narik kawigatene pamaca. Ora mung kuwi, novel kang njlentrehake ngenani katresnan uga narik kawigaten kanggo diteliti. Jalaran katresnan kuwi gegayutan karo nalar lan rasa, kepiye kekarone kuwi bisa digathukake kanggo ngrampungake sawijine prekara. Kanthi mangkono, dalan critane bisa saya murup.

Novel kang nengenake bab katresnan yaiku novel *Politik Tresna* anggitané Tulus Setiyadi. Dideleng saka irah-irahane novel kasebut ngandharake yen ana sesambungan antarane rasa tresna lan politik. Politik ing kene ora kaya donyane politik kang dilakokake dening para pejabat nanging nduweni teges liya. Miturut pamawase Poerwadarminto (1939:506) politik yaiku reka kang ora bares. Tegese, tumindak kang direka-reka, ora katon apa anane, lan ora kaya kasunyatané. Bab politik tresna sajroné novel kasebut diandharake yen tresna bisa direkadaya lan bisa dadi piranti kanggo nggayuh kasenengane pribadhi. Ora salawase tresna kuwi katon endah lan nengsemake. Tresna kang katon apa anane pranyata bisa dadi bab kang ala lan mirangake. Saka andharan kasebut nuduhake yen ana perangan kang kontradhiktif saka katresnan kang didarbeni paraga. Bab kontradhiktif kuwi kang narik kawigaten kanggo medhar novel *Politik Tresna* iki kanthi nggunakake pamarekan dhekonstruksi.

Dhekonstruksi mujudake cara maca sawijine teks kanthi ngudar teks, mbongkar struktur teks, banjur ngandharake saperangan oposisi kang ana sajroné teks (Faruk, 2008:47). Cara kang bisa ditindakake sajroné pamarekan dhekonstruksi yaiku kanthi mangerteni perangan kang kurang wigati, kayata catatan kaki, paraga tambahan, tema minor, paraga wanodya, lan sapanunggalane (Ratna, 2013:225). Saka bab-bab kang dianggep kurang wigati utawa bab kang kapinggirake banjur dikaji,

mula bisa nuduhake anane makna liya kang dilirwakake dening pangripta.

Sajrone panliten iki, pamarekan dhekonstruksi digunakake kanggo medhar katresnan kang didarbeni dening para paraga ing novel *Politik Tresna*. Katresnan kuwi diwujudake dening paraga Agung lan Angga lumantar kawigaten kang linuwih sarta tumindak kang bisa gawe bungah atine Ardini. Katresnan kang diwujudake para paraga ing kawiwitan katon endah lan becik, nanging ing pungkasane malah nuwuhake prekara lan gawe wirange bebrayan sakupenge. Bab kang ditengenake ing kene yaiku anane katresnan kang kontradhiktif. Saka katresnan kang kontradhiktif kuwi bisa dingerteni yen ana oposisi-oposisi kang hierarki sajrone novel kasebut. Oposisi kuwi bisa diarani oposisi biner. Miturut pamawase Ungkang (2013:33) sajrone oposisi biner ana salah sawijine oposisi kang dianggep onjo lan oposisi liyane dilirwakake. Oposisi biner iki mujudake perangan kang wigati ana ing pamarekan dhekonstruksi. Laras karo pamawase Johnson (sajrone Al-Fayyadl, 2005:80) yen tujuwane dhekonstruksi yaiku kanggo medhar oposisi-oposisi hierarki kang implisit sajrone teks.

Novel *Politik Tresna* iki nduweni gambaran tresna kang beda karo novel katresnan liyane mula bisa narik kawigaten kanggo medhar katresnan kang ana sajrone crita. Saka pamawas kang wis diandharake nuduhake yen panliten iki beda karo panliten-panliten liya. Adhedhasar oposisi biner sajrone novel *Politik Tresna*, mula panliten iki bakal njlentrehake bab kontradhiktif sajrone katresnane paraga Agung lan Angga marang Ardini. Saliyane kuwi, bab-bab kang kurang wigati bakal diwedhar lan diwenehi kawigaten luwih, kanthi mangkono bisa nuduhake makna liya kang dilirwakake dening pangripta. Panliten iki bakal ngandharake kepriye gegambarane katresnan, ulengane katresnan, lan

wawasan dhekonstruksi tumrap novel *Politik Tresna*. Kanthi migunakake pamarekan dhekonstruksi bisa didudut yen novel kasebut ora mung nduweni makna tunggal nanging nduweni makna liya kang kasingitake. Saka panliten iki diajab bisa nyengkuyung pangrembakane sastra mligine Sastra Jawa Modern, bisa dadi sarana kanggo sinau apresiasi lan kritik sastra, sarta bisa nambahi kawruh babagan sastra lan pamarekan dhekonstruksi.

## **METODHE PANLITEN**

Panliten ngenani ulengane katresnan sajrone novel *Politik Tresna* iki nggunakake ancangan panliten kualitatif kanthi analisis dheskriptif. Sajrone panliten iki nggunakake pamarekan dhekonstruksi. Tintingan dhekonstruksi digunakake kanggo mbongkar makna kang sinirat sajrone novel. Sarup (2008:50) ngandharake yen dhekonstruksi yaiku cara maca teks kanthi tilit kang asipat ngintrogasi teks, mbongkar, lan nggoleki oposisi kang tinulis sajrone teks. Mula, cara kang ditindakake yeiku kanthi merang oposisi tumrap tembung lan tetembungan sajrone novel. Saka cara kasebut bakal nuwuhake makna anyar kang asipat kontradiktif saka makna sadurunge. Makna kuwi kang bakal dadi lelandhesane panliten.

Sumber dhata mujudake punjer kanggo mikolehi dhata panliten. Miturut pamawase Ratna (2013:47) yen sajrone panliten ilmu sastra, sumber dhatane arupa karya lan naskah, dene dhata panlitene arupa tembung-tembung, ukara, lan wacana. Sumber dhata ana ing panliten iki awujud novel kanthi irah-irahan *Politik Tresna* anggitané Tulus S kang kacetak wiwitan ing wulan Juli taun 2017. Dhata kang dibutuhake ana ing panliten iki awujud tembung-tembung, ukara, lan wacana. Saka wacana kang ana ing novel kasebut banjur dipethik lan dijlentrehake cundhuk karo pamarekan dhekonstruksi. Dhata kang wis lumpukake

mujudake dhata kang nduweni gegayutan karo underaning panliten.

Teknik pangumpulane dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku teknik kapustakan. Miturut Kartini (sajrone Utomo, 2001:7) teknik kapustakan yaiku panliten kang tujuwane nglumpukake dhata lan informasi kanthi nggunakake buku, kalawarti, lan liya-liyane kang ana sajrone perpustakaan.

Tata cara nglumpukake dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku:

1) Miwiti maca novel Politik Tresna saka purwaka, crita wiwitan nganti pungkasane. Anggone maca crita ya ora mung sepisan bae nanging dibolan-baleni.

Ratna (2013:18) Maca objek karya sastra prelu ditindakake kanthi dibolan-baleni kanthi tujuan supaya sakabehane unsur sajrone karya sastra bisa dimangretni kanthi maksimal.

2) Menehi tandha (digarisi ngisor) ing saben kutipan, cuplikan-cuplikan, sarta paragraf kang nduweni sesambungan kalawan konsep dhekonstruksi. Bab kasebut ditindakake sajrone proses inventarisasi dhata.

3) Klasifikasi dhata supaya gampang anggone nemtokake dhata kang salaras karo underane panliten.

Sawise dhata-dhata kuwi dikumpulake banjur diklompokake cundhuk karo perangan underaning panliten. Sawise diklompokake, dhata-dhata kuwi banjur dianalisis lan dijlentrehake kanthi nggunakake pamarekaran kang trep. Ing panliten iki nggunakake pamarekan dhekonstruksi kanggo medhar lan njlentrehake dhata-dhata saka novel Politik Tresna. Sabanjure, bisa didudut anane makna-makna kang sumirat lan sinirat kang kandhut sajrone novel Politik Tresna.

## ASIL PANLITEN

Bab iki bakal njlentrehake asil panliten kang wis ditindakake. Asil panliten iki kaperang dadi telu yaiku: 1) gegambarane katresnan sajrone novel *Politik Tresna*, 2) ulengane katresnan sajrone novel *Politik Tresna*, lan 3) Wawasan dhekonstruksi tumrap novel *Politik Tresna*. Perangan kasebut bakal dijlentrehake ana ing ngisor iki:

### 1. Gegambarane Katresnan

Katresnan yaiku wujud rasa tresna utawa asih (Poerwadarminta, 1939:193). Rasa tresna utawa asih kuwi wigati tumrap panguripan ing bebrayan. Anane rasa tresna bisa njaga sesambungan antarane manungsa siji lan liyane, mula bisa ngadohake saka padudon lan dredrah ing bebrayan. Wujude rasa tresna maneka warna gumantung saka kapribadhene pawongan, ana kang diwujudake lumantar kawigatene, kawasisane, kawicaksanane, tumindake lan sapanunggalane. Saka wujude tresna kasebut bisa nuwuhake krenteg jroning ati saengga saya ngraketake sesambungan ing bebrayan.

Gegambarane katresnan kang ana ing bebrayan bisa diwujudake lumantar sesambungane manungsa siji lan liyane kayata sesambungan tresna antarane lanang lan wadon. Gegambarane katresnan kerep kagambarake sajrone novel, jalaran katresnan dianggep minangka bab kang wigati lan bisa narik kawigatene pamaca. Ing novel *Politik Tresna* gegambarane katresnan kagambarake kanthi maneka wujud, ing antarane: a) tresna wong tuwa marang anak, b) tresna erotis, c) tresna paseduluran, lan d) tresna marang Gusti. Perangan kasebut bakal dijlentrehake ana ing ngisor iki.

#### a. Tresna Wong Tuwa marang Anak

Tresnane wong tuwa marang anak nduweni wewujudan kang beda karo tresna liyane. Tresnane wong tuwa kuwi kalebu hake anak. Ana unen-unen yen tresnane wong tuwa ora ana watese. Tegese, tresnane wong tuwa kuwi ora bakal bisa pedhot

marang anak. Gegambarane tresnane wong tuwa marang anak bisa diwujudake kayata saka carane nggulawenthah anak, nyukupi kabutuwane anak, menahi kawigaten lan asih marang anak, lan sapanunggalane. Bisa dingerteni yen wong tuwa kuwi nduweni pandhapuk kang wigati tumrap kahuripane anak. Lumrahe wong tuwa nduweni pangarep-arep yen uripe anake adoh saka rubeda.

“Saka endi ta Ndhuk, yahmene lagi tekan?”

“Nggone kanca Pak,” wangsulane karo nuntun sepedha motore dilebokne njero omah.

“Menawa dolan kuwi aja surup-surup lagi bali. Apamaneh jenenge bocah wadon.” (PT:9)

Pethikan kasebut ngandharake yen Pak Arjo ora pengin yen anake wadon ngalami rubeda. Ndhapak minangka wong tuwa, Pak Arjo nduweni tanggungjawab kanggo bisa njaga anak-anake. Wis lumrahe yen dheweke menahi piweling marang Ardini, dene bocah wadon ora becik yen dolan nganti sore banjur surup-surup lagi bali. Tujune supaya Ardini ngerti wayah apamaneh yen disawang tangga teparone bisa dadi rerasanan sing ora becik. Tumindake Pak Arjo kuwi minangka bukti rasa tresnane marang Ardini. Kawigaten kang dituduhake Pak Arjo mujudake salah sawijine cara kang kerep ditindakake wong tuwa kanggo nggambarake rasa tresnane marang anak.

Rasa tresnane wong tuwa marang anak uga bisa kagambarake saka tanggungjawab lan pangurbanan kang ditindakake wong tuwa kanggo kamulyane anak. Sanajan abot kanggo nyukupi kabutuwane kulawarga saben dinane, wong tuwa ora mung pasrah marang kahanan nanging tetep ngupaya kanthi tumemen.

Kala-kala Ardini rumangsa luput marang klakuane. Nanging, kabeh ngelingi kahanan kulawargane sing bisa gawe prihatin. Rasane ora tega banget menawa weruh simbokne kudu pepe turut sawah nganti awake ireng kaya areng. Apamaneh

bapakne sing peteng-peteng lagi bali saka sawah karo nggawa rasane panalangan awit tandurane dipangan ama utawa rabuke durung teka. Menawa wis ngono kuwi bisane mung pasrah wae. (PT:23)

Pethikan kasebut nggambarake rasa prihatine Ardini nalika ngerti abote bapak lan ibune makaryo neng sawah. Ardini sajak ora tega nyawang kahanan wong tuwane. Kabeh kuwi ditindakake Pak Arjo lan Mbok Asih supaya bisa nyukupi kabutuwane saben dinane lan kanggo nyekolahake anak-anake. Pangarep-arepe wong tuwa kuwi, dene anak-anake bisa sekolah kanthi ndhuwur lan bisa antuk penggaweyan sing mapan. Awit saka kahanan kulawargane sing sarwa kakurangan, sanajan kudu direwangi pepe turut sawah nganti awake ireng, apa wae bakal dilakoni. Sing baku anak-anake bisa urip mulya.

#### **b. Tresna Erotis**

Tresna erotis yaiku krenteg kanggo bisa nyawiji kanthi wutuh (Fromm, 2018:77). Tegese rasa tresna kuwi mujudake anane krenteg kanggo bisa bebarengan lan nyawiji karo wong kang ditresnani. Tresna kaya mangkono umum didarbani ana ing sesambungan antarane lanang lan wadon. Pawongan kang lagi nandang asmara ndarbani krenteg kang gedhe. Saka krentege ati bisa mangaribawani tumindak kanggo nuduhake rasa tresnane kayata menahi kawigaten kang luwih lan kepingin luwih cedhak marang wong kang ditresnani. Krenteg iki bisa asipat ala lan becik gumantung saka pamikiran manungsa. Pramila, wong kang lagi nandang asmara kudu bisa ngendhaleni krenteg kang dirasakake supaya ora nganti kedadeyan bab kang ala.

“Din... aku bener-bener niat..” durung rampung anggone kandha, lambene Angga ditutup karo drijine Ardini.

“Husttt... apike awake dhewe cukup pacaran dhisik. Ing bulak iki menawa ana sing weruh awake dhewe pacaran bisa dadi wirang. Ayo ngalih saka kenek!”

“Hahhh... ing kene ora ana sapa-sapa, kahanane sepi. Enak menawa kanggp jagongan wong loro. Arep ngapa dadak ngalih?”

“Adhuh aku isin menawa ana wong liwat,” ujare Ardini semu ngalem.

Angga ora gage nuruti karepe pacare, malah didhekep banjur diambungi. Anehe Ardini dhewe mung meneng lan malah mesem. “Menawa mung pipi wae oleh ta?” kandhane Angga.

“Wis. Wis aja dibaleni maneh. Ora penak aku.”

“Ora penak piye? Apa njaluk maneh,” panggodhane Angga.

“Kemaruk, wis wegah aku.”

“Aku isih kepengin kowe ngancani aku nganti tumekane wengi.” (PT:5)

Saka pethikan kasebut bisa dingerteni yen Angga lan Ardini padha-padha nduweni rasa tresna. Katresnane sajak lagi ngembraka. Angga seneng yen lungguh ana sandhinge Ardini, kepara bocah wadon kuwi didhekep banjur diambungi. Saka tumindake Angga nuduhake yen dheweke ndarbene tresna kang gedhe marang Ardini. Semono uga Ardini, nyawang saka solah bawane bocah wadon kuwi sajak tresna banget marang Angga. Sanajan katon isin-isin nalika dheweke dirangkul karo wong kang ditresnani kuwi nanging sajrone batine sajak bungah. Ardini seneng dene ana pawongan lanang kang tresna marang dheweke lan menehi kawigaten kang luwih. Wujud sesambungan kekarone kuwi nggambarake tresna kang erotis dibuktekake anane sesambungan fisik kang ditindakake Angga marang Ardini.

### c. Tresna Paseduluran

Tresna paseduluran mujudake tresna kang asipat umum. Tresna iki diwujudake tumrap sakabehe manungsa tanpa anane pambada. Gegambarane tresna paseduluran ora mbedakake anane ras, suku, lan agama. Sajrone urip ing bebrayan, paseduluran iki kudu dijaga kanthi becik supaya ora nuwuhake prekara lan dredrah ing bebrayan. Cara kang bisa ditindakake kanggo njaga paseduluran kayata tetulung, toleransi, menehi piweling, lan sapanunggalane. Kanthi mangkono

bakale bisa nuwuhake paseduluran kang rukun lan raket, kaya kang kaandharake ana ing pethikan ngisor iki.

“Ana apa Mbak?” pitakone Arifin sing weruh bocah wadon kuwi mung meneng wae.

“Aku ngrasakna marang apa sing wis kok kandhakna. Batinku kaya ketetesane banyu kendhi, rasane adhem. Eman, saiki panyawang batinku dadi ora katon, awit bingung marang laku sing kudu daklakoni.”

“Kabeh ditintingi lan dipikir kanthi jero. Ora perlu kesusu, nanging aja mandheg. Reruwet sing nggubet marang batinmu, alon-alon kudu diresiki supaya katon padhang. Nadyan mengkone ana sing rumangsa kecaton. Aku saguh ngancani lan ngrewangi apa sing dadi abote pikirmu. Anggepen aku dadi coloke uripmu.” (PT:61)

Pethikan kasebut nuduhake kawigatene Arifin marang Ardini sing lagi nandang kasusahan. Dheweke ora tega nyawang polatane Ardini sing sajak bingung, pikirane kagubel prekara karo kulawargane. Pramila, Arifin ngupaya kanggo nglipur atine Ardini supaya ora sedhik maneh. Ora mung dadi penglipur atine Ardini, Arifin uga menehi piweling lan pitutur marang Ardini supaya bisa medhar reribete kanthi pikiran kang wening. Sanajan Arifin lan Ardini nduweni kapitayan kang beda, nanging kekarone isih tetep njaga sesambungan kekancane. Toleransi kang ditindakake kekarone kang njalari kekancane saya raket lan ora nuwuhake dredah.

### d. Tresna marang Gusti

Ing bebrayan, manungsa akeh kang percaya anane kuwasa kang luwih gedhe saka kuwasane manungsa yaiku anane Gusti ingkang murheng dumadi. Miturut pamawase Fromm (2018:91) Gusti mujudake bab kang kalungguhane paling dhuwur, bab kang paling becik. Kanggo bisa negesi ngenani Gusti, gumantung saka pamikiran manungsa. Mula, gedhene rasa percaya marang Gusti mbutuhake sikap kang dewasa kanggo bisa

ngerti sipat-sipat ketuhanan lan rasa tresnane marang Gusti. Wujude rasa tresna marang Gusti kayata percaya marang Gusti kang Maha Kuwasa, nglakoni apa kang dadi dhawuhe Gusti, ora nindakake bab kang dipekak sajrone kapitayan, sarta sregep ndedonga amrih bisa tansah cedhak marang Gusti. Wujud tresna kang kaya mangkono kagambarake sajrone novel Politik Tresna. Dene paraga Arifin mujudake paraga kang alus bebudine lan sregep ngibadah trep karo kapitayan kang diugemi. Sanajan bebrayan sakupenge nduweni kapitayan kang beda nanging dheweke tetep njaga lan ngormati anane kapitayan liya. Andharan ngenani rasa tresna kuwi kabuktekake ana ing pethikan ngisor iki.

“Mbak Dini ndonga lan cedhaka marang Gusti, supaya enggal antuk pepadhang. Nalika mau ing greja aku ora kendhat-kendhat pasrah marang welas asihe Gusti. Dakkira Gusti Yesus ora seneng nyawang marang umate sing nandang panelangan. Awit saka iku kejaba aku mung bisa masrahake marang uripku uga tumindak kanthi jejeg manut paugerane tumindak. Umpama keyakinanmu padha aku, mau dakajak pisan sowan masrahake apa sing dadi ganjelane pikirmu.” (PT:60)

Pethikan kasebut ngandharake yen Arifin mujudake pawongan kang sregep ngibadah. Dheweke kerep ndedonga ana ing greja. Saben ana prekara utawa reribet ing atine, Arifin mung bisa ndonga lan nyuwun marang Gusti supaya antuk dalan kanggo ngrampungake prekarane kuwi. Minangka manungsa kang nduweni kapitayan marang Gusti, saben tumindake ditata kanthi becik manut paugerane tumindak. Bab kuwi kang nuduhake gedhene rasa tresnane Arifin marang Gusti.

Tumindake Arifin kuwi bisa dadi piweling tumrap manungsa kang ana ing donya iki. Sanajan ngugemi kapitayan kang beda nanging minangka manungsa kudu nduweni rasa tresna marang Gusti.

Awit kabeh kang ana ing alam donya iki wis ditakdirake dening Gusti ingkang Maha Kuwasa. Dene manungsa mung bisa masrahake uripe marang welas asihe Gusti. Mula, manungsa kudu ngupaya kanggo nyedhak marang Gusti supaya antuk berkahing urip lan katrentreman.

## 2. Ulangane Katresnan

Ulangane katresnan mujudake saperangan prekara babagan katresnan kang dialami dening para paragane. Prekara kasebut ora gampang kanggo dipungkasi, kepara saya ruwet lan gawe dredah. Prekara babagan katresnan ing kene kaperang dadi papat, ing antarane yaiku: a) dredah, b) jejodhoan, c) beda kapitayan, lan d) konflik batin. Perangan-perangan kasebut bakal dijlentrehake ana ing ngisor iki.

### a) Dredah

Satengahe sesambungan tresna mesthi wae ana bab kang bisa nuwuhake dredah. Bedane pamikiran lan pamawas bisa dadi pawadan tuwuhe dredah. Kaya kang dialami dening Angga lan Ardini. Kamangka kekarone wis suwe anggone nyambung katresnan. Saka bedane pamawas antarane Angga lan Ardini mula kekarone kerep padu. Bab kang njalari yaiku saka kepinginane Angga kanggo nglamar Ardini nanging Ardini isih durung siyap.

“Kewirangan piye? Wong yen jenenge jodho menawa tumeka wancine ya kudu urip bebarengan ta? Lha ngapa dadak isin? Aneh kowe kuwi.”

“Nanging, aku durung siyap.”

“Banjur kapan?”

“Aku durung ngerti. Niyatku isih kepingin kerja golek dhuwit banjur dicelengi lan kanggo mbiyantu wong tuwa.”

“Kabeh bisa karo lumaku. Awit rejeki kuwi wis ana sing ngatur.”

Hahhh... teyori. Menawa awake dhewe ora gelem ngupaya banjur rejeki teka saka ngendi?”

“Aku wis kerja, banjur apa sing kok sumelangake?”

“Dhuwit asil kerjamu mung bisa kanggo mangan saben dina. Kuwi wae durung karuwan cukup. Apa sing arep kok

unggulake. Mikir! Urip iki ora entheng. Negara ora duweke mbahmu. Menawa ora direwangi golek dhewe tangen lamun bisa mulya.” (PT:21)

Pethikan kasebut ngandharake Ardini lan Angga sing lagi padu. Ardini rumangsa isih durung siyap yen ditanting rabi karo Angga. Kekarepane Ardini isih pengin kerjo kanthi tumemen lan lumpuk-lumpuk kanggo sangu omah-omah mbesuke. Dheweke kelingan kahanan kulawargane kang urip kacingkrangan, saben dina mung bisa sambat, mula dheweke ora pengin yen mbesuke kahuripan bale somahe padha karo wong tuwane. Ardini pengin uripe bisa mulya mula dheweke ora gelem gupuh anggone omah-omah. Pamawase Ardini kuwi beda karo pamawase Angga. Minangka wong lanang lan wis nduweni penggaweyan, Angga rumangsa wis siyap yen kanggo omah-omah. Dredah satengahe sesambungane katresnan kuwi sejatine bisa dicandhet awit kekarone kudu bisa ngendhaleni egone dhewe-dhewe lan gelem ngalah.

#### **b) Jejodhoan**

Jejodhoan mujudake prekara utama kang ana ing novel Politik Tresna. Jejodhoan iki ditindakake dening Pak Ahmadi kanthi nglamar Ardini kanggo anake barep yaiku Agung. Kanyatane Agung ngerti yen Ardini wis nduwe gegantilane ati, nanging Agung ora perduli lan tetep ndheseg bapake supaya gage nglamar Ardini kanggo dheweke. Agung nduweni kekarepan yen Ardini bakal dadi duweke. Maneka cara bakal ditindakake supaya Ardini bisa dadi sisihane. Bisa dingerteni yen Ardini kapeksa kanggo nampa jejodhoan iki, awit dheweke ora nduweni rasa tresna marang Agung.

“Ora Pak, aku ora tresna karo Agung. Nadyan sugih ing atiku ora bisa nampa dheweke,” kandhane Ardini karo mbrebes nalika ditanting bapake supaya gelem nampa panglamare Pak Ahmadi.

“Menawa ora gelem banjur kepiye? Bapak karo Pak Ahmadi kuwi wis kaya kanca cedhak wae. Apamaneh dheweke mbiyantu sakabehane marang karepotan kaluwarga. Apa kowe arep mbeset raiku ing ngarepe kulawargane Pak Ahmadi.”

“Bapak wis ngerti menawa aku nduwe pacar, ngapa dadak melu cawe-cawe marang katresnanku. Dakakoni pancen wong tuwa nduweni kuwasa, nanging ora teges nerak wewenang. Aku ora bisa nampa Pak.” polatane Ardini sajak sedhik banget. (PT:46)

Pethikan kasebut ngandharake Ardini kang nampik nalika ditanting bapake supaya gelem nampa lamarane Agung. Sajrone atine Ardini ora ana rasa tresna marang Agung. Malah tuwuh rasa mangkel yen dheweke nyawang bocah lanang kuwi. Sejatine wis ana priya kang ngisi sajrone atine Ardini lan saiki wis dadi gegantilane atine yaiku Angga. Ardini banget tresnane marang Angga. Awit Angga kalebu priya bagus lan wigati banget marang dheweke. Sanajan Angga ora sugih lan kulawargane ora nduweni pangkat kaya Pak Ahmadi nanging pamaragane Angga wis kasil ndudut atine Ardini.

“Lha kowe kuwi wis dilamar, banjur ora sanggup. Saiki aku kudu piye? Pacarmu wae durung nglamar, ya jeneng kalah dhisik.”

“Pancen nalika Mas Angga arep nglamar aku ora oleh dhisik.”

“Alasanmu apa?”

“Supaya kerja sing mapan karo nyelengi kanggo sangu omah-omah.”

“Lha gene pacarmu wae durung mapan. Cetha beda karo Agung, wong tuwane sugih nduwe drajad lan ngarepe bakal kepenak uripe. Saiki apa sing kok gayuh?”

“Jenenge wong tresna ora bisa dipeksa. Kabeh nuruti rasa lan ati. Bandha kuwi mung titipan.” (PT:46)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake abote Ardini kanggo nampik jejodhoane karo Agung. Dheweke njlentrehake yen sejatine wis ana sawijine priya kang ditresnani lan uga nduweni niat arep nglamar. Priya kuwi jenenge Angga. Nanging, niyate Angga kanggo nglamar kuwi

dipenging dening Ardini, jalaran saka kahanane Angga kang durung mapan. Kahanane Angga cetha beda banget yen ditandhingake karo Agung. Kahanan kulawargane Agung sugih lan ndhuweni drajad, cetha yen luwih mapan tinimbang Angga. Bab kuwi dadi pawadane Pak Arjo kanggo nampa panglamare Agung, kanthi mangkono uripe Ardini bisa kepenak mbesuke. Saka andharane Pak Arjo kuwi nuduhake yen luwih sarujuk yen Ardini jejodhoan karo Agung tinimbange karo Angga. Mula saka kuwi, gelem ora gelem kudu nampa jejodhoan kasebut, Ardini bisane mung manut apa kang dadi pilihane bapake.

### c) **Beda Kapitayan**

Kapitayan mujudake dhasar kang dadi leladhesan uripe manungsa. Manungsa percaya yen samubarang kang ana ing alam donya iki wis ginaris kersane Gusti. Anggone mitayani bab kaya mangkono, manungsa kerep ngemu saperangan pambeda. Saka bedane kapitayan kuwi bisa nuwuhake prekara ana ing bebrayan. Bab kang bisa ditindakake amrih ora nuwuhake konflik ana satengahe bebrayan lan bisa lumaku kanthi harmonis yaiku kanthi cara ngormati kapitayan kang diugemi pawongan liya kang diarani toleransi.

“Mas, apa kowe ana rasa tresna marang aku?” guneme Ardini karo ndhingkluk. Arifin mung meneng wae, awit bingung anggone arep aweh wangsulan. Pancen bener satemene ing batine uga nyimpen rasa tresna, nanging menawa arep kandha isih durung katekan. Pikire Arifin ketemune wae lagi, menawa arep blaka mesthi kurang prayoga. Banjur unjal ambegan karo nyekel tangane Ardini. “Mbak, kabeh ben lumaku kanthi samesthine. Awake dhewe mung bisa nginthir marang lelakone urip. Nadyan saiki thukul rasa tresna, ditunggu nganti kabeh bisa ngrembaka lan ngrembuyung manut iline kahanan. Aku sumelang menawa age-age menehi wangsulan mengko tundhone bakal gawe kuciwa.” (PT:64)

Pethikan kasebut ngandharake yen sejatine Arifin ndarbeni rasa tresna marang Ardini nanging, dheweke ora bisa blaka babagan rasane. Dheweke isih mangu-mangu marang rasa kang didarbeni kuwi. Yen dheweke blaka marang Ardini sumelang mengkone bakal nuwuhake prekara. Dene kekarone lagi wae tetepungan, ora prayoga yen wis ngrembug ngenani rasa kang ana njero ati. Becike kekarone padha kenal luwih jeru supaya bisa ngerti siji lan liyane. Sanajan wis thukul rasa tresna sajrone atine Arifin nanging rasa kuwi perlu dimantebake maneh. Arifin mung manut lakune urip, yen pancen jejodhoan mesthi wae bakal dicedhakake dening Gusti.

Rasa sing wiwit ditandurna sajak ora bisa tumangkar. Nanging, arep kepiye maneh menawa pancen dudu jodhone. Arifin nglenggana marang nasibe. Nalika kabar Ardini arep dadi manten Arifin wis ora gelem sesambungan maneh nadyan lumantar hp. Bareng saiki krungu nasibe Ardini sing sajak disiya-siya rasane melu ora trima. Arifin rumangsa getun dene mbiyen ora age-age nembung, mangka wong tuwane Ardini sajak seneng banget karo dheweke. Jalaran beda agama wae, kabeh rada ruwet sithik. Umpama tetep diniyati kanthi eklas mesthine tresna kuwi bakal nyawiji tanpa nyawang agama, ras, utawa suku. Awit tresna kuwi ukurane rasa sejati yaiku rasa kang thukul sajrone dhiri pribadi. (PT:116)

Pethikan kasebut nggambarake rasa kuciwane Arifin jalaran ora bisa sesandhingan karo Ardini. Arifin rumangsa getun dene ora age-age nembung Ardini. Biyen dheweke mangu-mangu marang rasa tresnane dene saiki katresnane kudu dilebur jalaran Ardini wis dadi duweke wong liya. Awit saka bedane kapitayan, mula kekarepane Arifin nggayuh tresnane Ardini malih kacengkek. Mangka wong tuwane Ardini kasengsem marang wewatakane Arifin sing wicaksana. Nanging, yen sesambungane Ardini lan Arifin dibacutake sumelang mengko bakal gawe prekara jalaran kekarone nduweni kapitayan sing beda. Sanajan kaya mangkono kahanane, Arifin lan Ardini isih

njaga sesambungan kekancane. Bedane kapitayan ora teges medhot paseduluran, mula Arifin isih njaga paseduluran karo Ardini lan kulawargane.

#### **d) Konflik Batin**

Konflik batin yaiku konflik kang ana sajrone atine manungsa. Konflik iki mujudake konflik kang ana ing dhiri pribadhi manungsa. Tuwuhe konflik iki bisa saka njero batine dhewe uga bisa saka prekara kang ana ing njaba banjur kagubel sajrone batin. Konflik batin kang ana ing novel Politik Tresna iki dialami dening paraga Ardini lan Pak Arjo. Bab kang njalari tuwuhe konflik batin kasebut awit saka bedane pamawas antarane anak lan wong tuwa babagan jodho sing cocog. Pramila, kedadeyan kuwi nyebabake katresnane Ardini saya muyek. Konflik batin kasebut bakal kajlentrehake ing ngisor iki.

#### **Paraga Ardini**

Paraga Ardini ing kene minangka paraga utama wanita. Dheweke kerep ngalami konflik batin kang disebabake katresnane sing ora gathuk karo kekarepane wong tuwa. Ardini isih mbekengkeng netepi tresnane karo Angga, nanging wong tuwane luwih sarujuk yen Ardini bisa sesandhingan karo Agung. Kahanan kulawargane Agung sing sugih, mapan, lan nduweni pangkat nuwuhake pangarep-arep bapak lan ibune Ardini supaya mbesuke Ardini bisa antuk panguripan kang mulya.

Ardini mripate kelop-kelop karo lungguh kursi. Pikirane tumuju marang pacare sing wis digawe kuciwa. Karepe ora medhot tresna, nanging supaya gelem sabar nunggu. Angga pancen priya kang becik lan banget wigatine marang dheweke. Apamaneh saiki wis dadi rerasanan wong akeh. Kala-kala Ardini rumangsa luput marang klakuane. Nanging, kabeh ngelingi kahanan kulawargane sing bisa gawe prihatin. Rasane ora tega banget menawa weruh simbokne kudu pepe turut sawah nganti awake ireng kaya areng. Apamaneh bapakne sing peteng-peteng lagi bali saka sawah karo nggawa rasane panalangsang awit tandurane dipangan ama utawa

rabuke durung teka. Menawa wis ngono kuwi bisane mung pasrah wae. (PT:23)

Pethikan kasebut ngandharake Ardini sing ora tega marang Angga jalaran sesambungan kekarone kudu pedhot satengahe dalan. Ardini bingung marang tumindakake. Satenane dheweke tresna banget marang Angga, nanging supaya Angga gelem sabar kanggo ngenteni Ardini nganti dheweke siyap mula kapeksa kudu medhot katresnane. Bab kang njalari Ardini isih durung siyap kanggo omah-omah yaiku saka kahanan kulawargane. Yen kelingan kahanan bapak ibune sing rekasa kanggo nyukupi kabutuwane saben dina, gawe sedhik atine Ardini. Urip minangka kulawarga tani, mung bisa njagakake asil saka sawah. Apamaneh yen nganti tandurane dipangan ama utawa rabuke durung teka, ora ana sing bisa ditindakake kajaba pasrah marang kahanan.

Ardini banjur meneng, sajak mikirna apa sing diucapna Arifin. Pikirane tekan marang lelakone urip. Bingung ngendi sing salah lan ngendi sing bener. Antarane dheweke lan wong tuwane golek benere dhewe lan padha ngluputake. Saiki Ardini kepengin nata marang uripe lan njaluk panemu saka wong cedhake. Ardini kelingan marang panguripane wong tuwane. Nanging, umpama ngebotna wong tuwa banjur tresnane marang Angga kudu kepiye. Apa tetep ngetutna rasane sing durung karuwan mesthi bener. Ardini bingung, apamaneh dheweke babar pisan ora tresna karo jenenge Agung. Saiki ana Arifin sing bisa aweh pepadhang, umpama arep nresnani keganjel bedane keyakinan. Nanging, apa rasa kudu dialang-alangi karo jenenge agama? Kabeh padha-padha ana rasane. Rasa tresna marang agama lan rasa asmara. Pikirane Ardini ora karuwan. Mripate sakawit kaca-kaca sajak ngatonake rasa sedhihe. Nanging, anehe saiki atine rumangsa tentrem bareng Arifin ana cedhake. (PT:61)

Pethikan kasebut nggambarake atine Ardini sing bingung marang lelakon kang lagi diadhepi. Kawiwitan saka prekara katresnane nganti sesambungane anak lan wong tuwa kang ora

rukun. Bedane pilihan ngenani jodho njalari Ardini lan wong tuwane kerep padudon ana ing omah. Kekarone ora ana sing gelem ngalah, nanging malah padha golek benere dhewe lan padha ngluputake. Ardini dhewe rumangsa bingung kudu manut wong tuwane apa manut rasa tresnane. Yen dheweke manut marang wong tuwane, tegese dheweke wis nyidrani katresnan kang sasuwene iki diwangun. Dheweke uga goroh marang atine, jalarani satenane ora nduweni rasa tresna marang Agung. Nanging, yen manut rasa tresnane marang Angga, tegese dheweke mung mikirake awake dhewe. Saiki anane Arifin bisa aweh pepadhang marang reribete. Atine rumangsa tentrem yen ana ing cedhake Arifin. Sajrone batine Ardini isih ngarep-arep bisa nibakake tresnane marang Arifin, nanging jalaran bedane keyakinan rasa tresna kuwi ora bisa dibacutake.

Ardini jantunge kaya kadhodhog, kepeksa kudu manut marang wong tuwane. Nadyan ana rasa kuciwa kang ngganjel ing batine. Rasane isih mangkel banget marang Agung kang ora nuhoni marang rembuge nalika lumantar hp. Umpama arep nampik, mesthi wae gampang. Nanging, sing dipikir mesthi bisa dadi dredah lan gumerah. Kaluwargane Pak Ahmadi mesthi bakal duka rumangsa diwirangna lan disepelekna. Durung menawa krungu tangga teparo bakal dadi rasanan kang ora becik. Kanggo njaga kahanan kang ora dikarepake, Ardini kudu ngorbanake marang perasaanane. (PT:93)

Pethikan kuwi ngandharake rasa kuciwa lan mangkele Ardini marang Agung kang ora nggatekake omongane lumantar hp. Ardini saya kadhesek ana ing jejodhoan kasebut. Umpama dheweke nampik jejodhoan kuwi, mesthi bakal gawe dredah. Kanggo njaga kahanan supaya ora gumerah lan ora gawe wirang kulawarga kekarone, Ardini kudu ngorbanake rasane. Dheweke ora nduwe pilihan liya kajaba nampa panglamare Agung.

### **Paraga Pak Arjo**

Pandhapuke Pak Arjo sajrone novel Politik Tresna iki wigati tumrap dalane crita. Saliyane Ardini kang ngalami konflik sajrone batine, Pak Arjo uga ngalami konflik batin. Beda karo konflik batin kang dirasakake Ardini ngenani katresnane, ing kene konflik batine Pak Arjo luwih nengenake bingung kanggo ngadhepi saperangan prekara lan golek cara kanggo ngrampungake reribete. Saben tumindake wong tuwa marang anak mesthi nduweni tujuwan kanggo kabecikane anak. Kaya kang ditindakake Pak Arjo marang Ardini. Gandheng kahanan kulawargane sarwa kakurangan, ana pangarep-arepe Pak Arjo dene anak-anake bisa antuk kamulyan mbesuke, mligine tumrap Ardini anake barep.

Saiba bingung Pak Arjo lan bojone. Ing batine satemene rumangsa seneng dene bakal nduweni besan sing nduwe drajad lan wonge becik. Nanging, sangertine menawa anake wadon kuwi wis nduwe pacar lan ora seneng marang Agung. Batine semu pakewuh. Wong loro mung pandeng-pandengan sajak bingung. Apamaneh Pak Arjo sing wis nate janji marang Angga anggone arep nglamar anake. (PT:43)

Pethikan kasebut nuduhake yen Pak Arjo lan Mbok Asih nemoni dalan buntu, ing ngendi kekarone bingung kang nemen kanggo mungkasi prekara jejodhoan iki. Pak Arjo lan bojone rumangsa bombong yen bisa bebesanan karo wong sing sugih lan nduweni drajad, nanging kepiye nasibe Ardini sing bakal nglakoni jejodhoan iki dene Ardini ora tresna marang Agung. Pak Arjo uga ngerti yen anake wadon wis nduwe sigaran ati yaiku Angga lan wis janji anggone arep nglamar anake.

Pak Arjo mung meneng wae karo nyawang Ardini sing sajak sedhih. Umpama dinalar, apa sing dikandhakna Pak Ahmadi kudune bisa ngenthengake bot repote anggone mantu. Nanging, saiki sing dipikir kayangapa rasa sedhihe Ardini anggone durung bisa nresnani Agung. Pak

Arjo niyate ora gelem diluputna anak, awit saka kaputusanane sing ora gathuk. Nanging, menawa arep ditampik sajak ora becik. Ngelingna sapa Pak Ahmadi kuwi. (PT:91)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake Pak Arjo sing ora tega nyawang Ardini sing sajak sedhik jalaran dijodhohake karo priya sing ora ditresnani. Sanajan kabeh kabuwane kanggo rabi wis dicepakake Pak Ahmadi, nanging batine Pak Arjo isih durung lega. Dheweke ora gelem pungkasan malah diluputake anak amarga saka kaputusanane sing ora ganthuk karo kepareane anak. Pancen abot yen kudu nampik jejodhoan iki, mula gelem ora gelem jejodhoan iki kudu kaleksanan supaya ora gawe dredah.

### 3. Wawasan Dekonstruksi Tumrap Novel *Politik Tresna*

Miturut Sarup (2008:50) ngandharake yen dhekonstruksi yaiku cara maca teks kang tliti kanthi cara *ngintrogasi* teks, mbongkar lan nggoleki oposisi kang tinulis sajrone teks. Oposisi kang dikarepake ing kene yaiku sesambungan antarane tetembungan kang nduweni kosokbalen utawa perangan kang beda. Saka oposisi-oposisi kasebut bisa nuwuhake pamikiran-pamikiran anyar. Lumantar pamarekan dhekonstruksi iki uga bisa njlentrehake makna liya kang sinirat sajrone teks.

#### Oposisi Biner

Oposisi biner mujudake pamawas yen unsur kang sepisan diarani pusat, asal-usul, lan prinsip kanthi konsekuensi logis, unsur tartamtu dadi sekunder, marginal, lan padanan panganep liyane (Norris, 2008:10).

OPOSISI BINER	
Agung	Angga
Ambisi	Tulus
Nekad	Seneng ngalah

Tabel 1.1 Katrangan Oposisi Biner

Wujud tresna kang kapisan yaiku ngenani tresna kang didarbeni dening Agung. Agung mujudake paraga utama priya kang ana sajrone

novel Politik Tresna, mula kabeh tumindake dadi punjere crita mligine babagan katresnane marang Ardini. Tresnane Agung ing kene katon yen dheweke nduweni rasa ambisi kepengin nduweni Ardini. Pramila, apa wae bakal ditindakake Agung supaya bisa nggayuh kepareane kuwi.

“Ngene Sri, aku wiwit SMU mbiyen wis naksir marang dheweke. Jenenge manungsa menawa nduwe karep ora mung meneng wae, nanging kudu ngupaya. Lha saiki kaluwargane Ardini yawis sarujuk, wong tuwaku uga wis nglamar. Banjur kurang piye? Mangka bapakku kuwi wong kang dikormati dening masyarakat, dene isih plaur mundhuk-mundhuk sowan ing omahe Ardini. Karepe kepengin nyambung silaturahmi, ahhh malah Ardini gumedhe sirahe.”

“Gung aku ora teges arep ewang-ewang siji. Nanging, miturut pamikirku wong tresna kuwi ora bisa dipeksa. Kabeh dilakoni kanthi rasa eklas. Dene Ardini ora seneng karo kowe ngapa isih mburu tresnane? Ayo dipikir sing becik, eman rasa pasedulurane.”

“Saiki ana unen-unen witing tresna jalaran saka kulina. Aku percaya Ardini suwe-suwe bakal bisa nresnani aku kanthi tulus.” (PT:67-68)

Pethikan kasebut ngandharake tekade Agung marang Ardini. Tekade isih pengin nggayuh katresnane. Awit SMU Agung wis ndarbeni rasa seneng marang Ardini, nanging rasa kuwi durung bisa diwujudake. Pikirane Agung ora bisa uwal saka Ardini. Sanajan Ardini ora seneng, nanging Agung bakal tetep mburu tresnane Ardini. Sajrone pamikire yen tresna kuwi bisa tuwuh jalaran kulina bebarengan. Dheweke percaya yen Ardini bakale nduweni rasa tresna kang tulus kanthi lumakuning wektu. Pramila, dheweke ora bakal mandheg sadurunge bisa ngayuh apa kang dikarepake.

Tumindake Agung kang kebak rasa ambisi kuwi bakal ditandhingake karo tumindake Angga. Sajrone crita, Angga mujudake paraga tambahan. Kahanane kerep dilirwakake ana ing crita. Sanajan kaya mangkono, Angga nduweni tresna kang kontradiktif karo tresnane Agung.

“Pak, kanthi raos suka lilanipun panggalihipareng putri panjenengan Ardini kula suwun kangge calon sisihan kula,” kandhane Angga gemeter.

“Iya, ora apa-apa menawa wis padha senenge. Daktampa, kaya sing dadi kandhaku ngarep mau,” pikire Pak Arjo sing ngelingi kanggonan anak wadon lan wis cedhak karo bocah lanang. Batine sumelang menawa wis ana apa-apa, jenenge jaman saiki. “Nanging bapak durung bisa mantu sacepete. Dakjaluk sing sabar.” (PT:14)

Pethikan kasebut ngandharake rasa tuluse Angga marang Ardini. Katulusan kuwi dibuktikake dening Angga kanthi nglamar wanita kang ditresnani. Kanthi ati kang manteb, dheweke nembung Ardini kanggo dadi sisihane. Panglamare Angga kuwi ditampa dening bapake Ardini. Nanging, kulawargane Ardini isih durung siyap yen mantu sacepete. Kudu lumpuk-lumpuk dhisik kanggo ragad. Batine Angga lega dene anggone nduweni gegayuhan urip karo Ardini bakal klakon. Bungah atine Angga awit wis bisa ketemu banjur nembung karo wong tuwane Ardini. Saka tumindake Angga kuwi bisa dingerteni yen Angga nduweni tresna kang tulus lan tenan. Dheweke ora niat arep nggawe dolanan Ardini kabuktekake saka tumindake Angga sing wani kanggo nglamar Ardini.

Saka andharan oposisi kapisan nuduhake yen tresna kang didarbeni dening Agung lan Angga sajrone novel Politik Tresna nduweni wujud kang beda. Paraga utama yaiku Agung ing kene ndarbeni ambisi kang gedhe kanggo ndudut tresnane Ardini lan ndadekake Ardini minangka sisihane. Kabuktekake saka tumindake kang meksa Ardini nampa jejodhoan karo Agung. Beda karo tresna kang diduweni Angga kang tulus lan tenanan. Kabuktekake saka tumindake Angga kang wani nembung Ardini marang wong tuwane.

Wujud tresna kapindho yaiku ngenani tumindake Agung sing nekad. Dheweke kerep

tumindak kanthi sapenake dhewe sanajan wis diweling karo wong liya nanging dheweke ora migatekake.

Sawise padha bage binage banjur kaluwargane Pak Ahmadi nepungna marang dulur-dulure sing diajak. Sateruse ngrembug wose anggone teka. Saiba bingunge Pak Arjo lan Mbok Asih awit apa sing dikandhakna Ardini jebul mlese. Kanyatan Pak Ahmadi niat nglamar marang anake wadon. Wong tuwa loro kuwi mung pandeng-pandangan bingung anggone arep mangsuli. Ardini dhewe tambah kemropok atine barang apa sing dikandhakna marang Agung ora digugu. Malah saiki mertamu kanthi nggawa pangombyong uga ora ngabari. (PT:91)

Pethikan kasebut nggambarake kahanan nalika Agung sakulawargane teka ana ing omahe Ardini kanthi niat arep nglamar. Pak Arjo lan Mbok Asih bingung kepiye anggone mangsuli. Sajrone pikirane Ardini uga bingung kepiye anggone ngadhepi kahanan kasebut. Saka tumindake Agung kang nekad mertamu kanthi nggawa pangombyong tanpa ngabari agawe kulawargane Ardini sarwa bingung. Ardini mangkel banget karo tumindake Agung sing nekad kuwi. Awit Ardini wis kandha marang Agung yen lamarane diundur dhisik, jalaran dheweke isih kepengin nyambut gawe. Pranyata apa kang dikandhana Ardini kuwi ora digugu dening Agung. Pungkasane, Agung tetep nekad teka kanthi tujuwan arep nglamar Ardini.

Tumindake Agung kuwi beda karo Angga. Angga kalebu paraga kang sabar lan seneng ngalah. Dheweke ora seneng yen ana padudon utawa dredah.

“Sajrone tresna kudu ana keyakinan. Buwangen rasa kang gawe petenge dalan. Antebna marang tekadmu kanggo nggayuh lakone urip. Saiki sing baku kudu bisa padha njaga keyakinan anggone bareng-bareng niat ngrakit bebrayane agung.”  
“Tembungmu kuwi sing bakal dakugemi. Aja nganti kowe nalisir saka janjimu. Aku

percaya marang kowe. Nanging, aku isih kepengin nanging marang abote tresnamu.”  
“Banjur aku kudu kepiye?”  
“Luwih becik awake dhewe tunangan ing ngarepe wong tuwamu...”  
“Hahhh... bola-bali aku wis ngomong durung siyap, aku isih isin. Menawa ora ngandel omongku, yawis saiki karepmu kepiye?”  
“Kepeksa aku kudu manut marang kowe. Nanging, dakjaluk janjimu bisa dakugemi.” (PT:6)

Pethikan kasebut nggambarake pamaragane Angga sing seneng ngalah. Dheweke gelem ngalah lan manut karo apa kang dadi kaputusan Ardini. Sejatine dheweke sumelang yen nganti kelangan Ardini. Gedhe rasa tresnane marang Ardini. Kanggo nggondheli katresnane kuwi, mula dheweke nduweni niat arep nembung marang wong tuwane Ardini. Awit saka kahanane Ardini sing durung siyap kanggo omah-omah, kapeksa niat kuwi diwurungake. Nanging, saka gunemane Ardini kang bakal netepi janjine lan njaga atine, pungkasane Angga gelem nuruti kekarepane Ardini.

Bukti oposisi kapindho yaiku saka pamaragane Agung kang nekad lan Angga kang seneng ngalah. Pamaragane Agung kang nekad kuwi kabukten saka tumindake kang nekad kanggo nggawa pamboyong kanggo nglamar Ardini. Kamangka Ardini wis kandha isih durung siyap lan isih pengin kekancan karo Agung. Pitutur Ardini ora digatekake karo Agung lan milih nekad kanggo nggayuh tresnane Ardini. Beda karo pamaragane Angga sing luwih milih ngalah supaya ora nuwuhake dredah lan gawe mangkele wong liya. Kabukten saka rasa sabare Angga nalika ngadhepi nesune Ardini. Nalika kekarone nduweni pamawas kang beda, Angga luwih milih ngalah lan manut marang apa kang dadi kekarepane Ardini.

### **Decentring**

Decentring miturut pamawase Derrida (sajrone Ratna, 2013:225) yaiku cara kanggo

nemokake pusat-pusat anyar, dene saben subjek mesthi ana gegayutane karo sawijine pusat. Bisa dingerteni yen saben struktur sajrone karya sastra nduweni gegayutan antarane siji lan liyane, mula ora ana kang bisa diarani struktur pusat kang sejati. Cara kang bisa katindakake yaiku kanthi mangerteni lan ngandharake perangan-perangan kang kurang wigati kayata catatan kaki, paraga geganep, tema minor, lan sapanunggalane. Kanthi mangkono, panliti bakal ngerti makna-makna sinirat kang disingitake dening pangripta.

### **Obsesi**

Obsesi lan tresna nduweni titikan kang beda. Obsesi bisa tuwuh jalaran saka rasa kang ngambra-ambra, kayata rasa tresna. Wong kang nduweni sipat obsesif tumrap rasa tresna ora bisa mbedakake antarane obsesi lan tresna. Miturut Susan Forward (sajrone Primastika Widia, 2019) obsesi tresna iki tuwuh awit saka rasa tresnane kang ngambra-ambra marang pepujaning atine nganti lena lan ora bisa ngendhalikake awake dhewe.

Kanthi rasa kang abot banget Angga kudu pamit lan nguculake gaweane. Mesthi wae pimpinane dadi bingung marang kaputusan pegawene sing nylenah kuwi. Mangka saiki jenenge golek gawean kuwi angele ora karuwan, lha mung gara-gara bocah wadon wani metu saka penggawean. Nanging, arep piye maneh lha jenenge sing nglakoni karepe ngono. Pimpinane ora bisa ngapa-apa nadyan isih ngeman.

Sajrone numpak bis tumuju omahe, pikirane Angga ora bisa uwal saka wewayangane Ardini. Niyate kudu bisa ngranggeh maneh tresnane nadyan nganggo cara apa wae. Angga saiki wis ora perduli marang awake dhewe, isine mung kepengin nuruti rasane. Dheweke wegah menawa nganti kecolongan tresnane. Ardini kudu bisa direbut... Ardini kudu bisa direbut mumpung durung kebacut... kaya mangkono tekade (PT:99)

Pethikan kasebut nggambarake kahanane Angga nalika nekad metu saka penggawean.

Karepe metu saka panggaweane kanggo nguber tresnane Ardini sing arep ucul. Dheweke ora gelem yen nganti kelangan Ardini. Dheweke rumangsa uripe bakal suwung yen nganti kelangan katresnane. Dene kelangan tresna kaya-kaya kelangan gegayuhan. Pikire ora dadi ngapa yen nganti kelangan gawean, jalaran isih bisa golek gawean liya. Sanajan pimpinane isih ngeman pegawene kuwi, nanging kabeh wis dadi kaputusan Angga.

Tumindake Angga kuwi minangka bukti yen pikirane Angga dadi cupet awit mikirake katresnane. Nalare kaya wis ora bisa lumaku. Sajrone pikirane mung ana wewayangane Ardini. Dheweke kaya-kaya ora bisa urip yen tanpa Ardini. Dheweke wis ora bisa ngendhaleni awake dhewe. Tumindak kaya mangkono kalebu obsesi tresna.

### **Tumindak Asusila**

Tumindak asusila kalebu tumindak kang nerak aturan-aturan kang ana ing bebrayan kayata aturan agama, sosial, norma, lan hukum. Tindak asusila iki maneka warna jinise kayata nindakake saresmi nanging durung krama, rudo peksa, aborsi, pelecehan seksual, lan sapanunggalane.

Ing kamar hotel kuwi bocah loro turu sakasur, mripate padha pandeng-pandengan. Kala-kala tangane Angga ngelus-elus rambut lan pipine Ardini. Bocah wadon kuwi mung meneng wae.

“Din, aku kudu sinau ngeculna kowe. Nanging, dakjaluk kanggo nudhuhna gedhene tresnamu marang aku wujudna tandha iku ing wengi iki,” Angga banjur ngambung bathuke lan lambene pacare.

Anehe Ardini mung meneng wae tanpa selak marang karepe Angga. Awit saka kebrangase rasa tresna bocah loro padha lali marang trapsilane susila. Alon-alon Angga nuntun Ardini nuruti karepe setan. Sajak kaya dikeluh wae, bocah wadon kuwi uga kapilut marang tumindake Angga. Wis kaya kepanjangan dewane asmara, wengi kuwi antarane lanang lan wadon padha ngumbar napsu kang ngambra-ambra. Tundhone bocah loro padha njrebabah ngetus kringet ing njero kamar hotel. (PT:101)

Pethikan kasebut nggambarake tumindak asusila kang ditindakake Angga lan Ardini. Cetha yen kekarone isih durung nduweni sesambungan kang resmi lan sah tumrape agama, nanging wis wani nindakake saresmi ana ing kamar hotel. Kekarone kaya-kaya wis kapilut rasa tresna kang ngambra-ambra. Apa kang ditindakake kekarone cetha yen luput lan nerak aturane agama. Nanging, ana rasa marem sajrone batine Angga dene bisa nyecep kembang tresna karo Ardini.

### **Gagasan Anyar**

Perangan iki bakal ngandharake pamawas anyar ngenani katresnan kang didarbeni paraga mligine paraga Angga sajrone novel Politik Tresna. Kalungguhan katresnane Angga iki sadurunge minangka bab kang dikiwakake, nanging pranyata nduweni kawigaten kang linuwih nalika disawang saka sudhut pandhang liya. Katresnan kang wiwitane katon becik lan endah ing pungkasane owah dadi tresna kang ala lan lecekan. Lumantar anane bukti kang asipat kontradiktif bisa nuduhake anane pamawas anyar ngenani rasa tresna kang didarbeni Angga.

Bab kasebut ngandharake yen pandhapuke Angga sajrone novel Politik Tresna nduweni kawigaten lan ora bisa dilirwakake. Jalaran pandhapuke Angga iki bisa gawe dalan critane luwih urip. Wewatakane Angga kawiwitan digambarake minangka paraga kang sabar, wani, wigati, lan tresnane tulus. Sawise dionceki kanthi nggunakake pamarekan dhekonstruksi, pungkasane katon anane bab kang kontradiktif kayata katuduhake yen Angga kuwi paraga kang kasar, jirih, ora perduli marang liyan, lan nduweni obsesi pengin ditresnani. Saliyane kuwi, saka gegambarane paraga Angga kang diripta iki bisa ngandharake makna kang pengin diandharake dening pangripta sastra. Kanthi mangkono, pamaca

bisa nduweni pamikiran kang padha kaya kang dikarepake pangripta.

## DUDUTAN

Dhekonstruksi kang wis katindakake sajrone novel Politik Tresna nuwuhake anane oposisi biner yaiku anane tresna kang kontradhiktif antarane paraga Agung lan Angga. Pandhapuke Agung kang dadi paraga utama luwih ditengenake ana ing crita, beda karo Angga kang pandhapuke dilirwakake. Sanajan mangkono, lumantar rasa tresnane, pandhapuke Angga bisa diwenahi kawigaten kang linuwih. Kanthi menahi kawigaten kang luwih marang bab kang dilirwakake bisa nuwuhake makna-makna anyar. Mula, sajrone novel kasebut ora mung nuduhake makna sumirat kang coba diandharake dening pangriptane nanging uga makna sinirat kang ana sawalike teks kasebut.

Saka pamarekan dhekonstruksi tumrap novel Politik Tresna iki bisa didudut pamikiran anyar ngenani rasa tresna. Rasa kang didarbeni para paraga sajrone novel iki durung bisa diarani tresna jalaran rasa kuwi ora bisa ajeg lan gampang molah-malih. Kaya kang dituduhake ana ing katresnane Angga. Tresna kang kawiwitan katon tulus lan endah ing pungkasane bisa owah dadi ala lan lecekan. Pamaragane Angga minangka priya kang sabar, wani, wigati, lan tulus uga owah dadi kasar, jirih, ora perduli marang liyan, lan nduweni obsesi pengin ditresnani. Saka andharan kasebut bisa didudut yen sajrone novel Politik Tresna iki ngemu makna-makna kang sinirat ngenani katresnane para paraga.

## PRAMAYOGA

Crita sajrone novel Politik Tresna sejatine bisa menahi pamawas anyar tumrap pamaca. Novel kasebut ngandhut saperangan pitutur becik mligine kang sesambungan karo tresna. Saka tumindak kang ditindakake para paraga lan salah bawane para paraga bisa dadi kaca benggala tumrape pamaca. Dene saben tumindak mesthi ana

piwalesane. Mula, kudu bisa luwih ngati-ati lan waspada marang tumindake dhewe. Tumindak kang ora dingati-ati bisa wae nuwuhake dredah lan gawe lara atine wong liya. Tumrape katresnan, wong kang katon ndarbeni rasa tresna kang becik lan tulus, bisa wae nduweni niat kang ala lan bisa gawe cilaka tumrap pawongan liya. Mula, pamaca kudu ngerti lan tliti amarga ora kabeh bab kang becik kuwi bisa dadi becik, lan bab kang ala uga bisa dadi ala.

## Kapustakan

Al-Fayyadl, Muhammad. 2005. *Derrida*. Yogyakarta: LkiS Pelangi Angkasa.

Darni. 2015. *Kekerasan Terhadap Perempuan Dalam Fiksi Jawa Modern Periode Kemerdekaan*. Yogyakarta: Kalika Press.

Faruk. 2008. *Pascastrukturalisme, Implikasi, Metodologi, dan Contoh Aplikasi*. Jakarta: Pusat Bahasa.

Fromm, Erich. 2018. *Seni Mencintai*. Yogyakarta: BasaBasi.

Geertz, Hildred. 1983. *Keluarga Jawa*. Jakarta: Gafiti Pers.

K.M Saini, dan Jakob Sumardjo. 1986. *Apresiasi Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia.

Norris, Christopher. 2008. *Membongkar Teori Dekonstruksi Jaques Derrida*. Yogyakarta: Ar-Ruzz Media.

Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Poerwadarminta, WJS. 1939. *Baoesastra Djawa*. Jakarta: J.B Wolter's Uigeverest Maatschappij.

Primastika, Widia. 2019. Obsessive Love Disorder, Ketika Cinta Mewujud Jadi Pengekangan. (online). (<https://tirto.id/obsessive-love-disorder-ketika-cinta-mewujud-jadi-pengekangan-dluz>) diakses 27 Juni 2020.

Purnomo, S. Bambang. 2011. *Kesastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya: CV.Bintang.

Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Rumondor Belinda, Pingkan Cynthia. 2017. Bedakan Cinta dan Obsesi. (online). (<https://psychology.binus.ac.id/2017/03/16/8368/>) diakses 27 Juni 2020.

Sarup, Madam. 2008. *Panduan Pengantar untuk Memahami Postrukturalisme dan Postmodernisme*. Yogyakarta: Jala Sutra.

Suwarni, dan Sri Wahyu Widayati. 2016. *Sastra Jawa Klasik Antara Kreasi dan Adaptasi*. Surabaya: Bintang.

Ungkang, Marcelus. 2013. *Deonstruksi Jaques Derrida sebagai Strategi Pembacaan Teks Sastra*. Malang: Universitas Negeri Malang.